# ЕКИНШИ ЖЕР ЖҮЗЛИК УРЫС ЖЫЛЛАРЫ ҚАРАҚАЛПАҚСТАН БАСПАСЫНДА ЖАЗЫЎШЫ ШАЙЫРЛАРЫНЫҢ ДӨРЕТПЕЛЕРИ

**М.Т.Қабулова –** *ассистент оқытыўшы*
*Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик университети*

**Таянч сўзлар:** журналистика, тадқиқот, публицистика, матбуот, давр, шоир.
**Ключевые слова:** журналистика, исследование, публицистика, пресса, эпоха, поэт.
**Key words:** journalism, research, publicism, press, era, poet.

Ҳәр бир жазыўшы, шайыр яки журналист өз дәўириниң жыршылары болып есапланады. Олар өзи жасап турған шараяттың, орталықтың турмысын жаратады, сондай-ақ, қолдан келгенше халық турмысына жақын шығармалар дөретеди. Сол ушын да, тарийхтан ўаз кешпеген ҳалда, сол дәўирдеги илимий излениўлер өз дәўирине сай изертленип барылғаны мақул. Қайсы дәўир болыўына қарамастан, ондағы бас қаҳарман — адам баласы. Ал, объект — жәмийет, субъект — сол жәмийетте жасайтуғын адамлар яки халық болып табылады.

Бул мәселе бойынша белгили илимпазлар С.Ахметов[1], Б.Исмаилов [2], М.Нурмухамедов[3], Х.Сейтов[4] ҳәм басқалардың мийнетлеринде пикирлер билдирилген.

Халық шайырлары А.Дабылов, С.Нурымбетов, жазыўшылар М.Дәрибаев, Д.Назбергенов, Н.Жапақов, Ә.Шамуратов ҳәм басқалар урыстың биринши күнлеринен-ақ өз қосықлары ҳәм публицистикалық пикирлери менен баспа сөзде, радиода ҳәм жыйналысларда шығып турғанын биз олардың шыгармаларынан жақсы билемиз. Жазыўшыларымыздың жаўынгерлик мотивтеги шығармаларынан урыс ўақтында «Жаўды жексен етемиз», «Ўатан ушын» ҳәм «Ўатандарлық қосықлар» деген ат пенен топламлар басып шығарылды.

Сондай-ақ, «Қызыл Қарақалпақстан» газетасында белгили рус жазыўшылары А.Толстойдың, И.Эренбургтиң жалынлы публицистикалық мақалаларының, М.Шолоховтың «Душпанды өшпенли жек көриў илими» деген публицистикалық очеркиниң, Н.Тихоновтың «Киров биз бенен» поэмасының, Лебедев-Кумачтың қосықларының аўдармалары республикамыз мийнеткешлериниң сана-сезимин көтериўде белгили әҳмийетке ийе болды.

Мәселен, екинши жер жүзилик урыс жылларында көбирек орыс тилинен қарақалпақ тилине фронт ҳәм тылдың қаҳарманлық іслерин, айырым жаўынгерлик жағдайларды сүўретлейтуғын публицистикалық қосықлар, очерклер тағы да басқа, яғный киши жанрлар формалардағы, бирақ, усы жыллардағы қызғын ўақыялардың талабына жуўап беретуғын шығармалар аўдарылған.

Илимниң жетискенликлерин кеңнен ен жайдырыў ҳәм оны турмысқа енгизиўде газетаның тутқан орны оғада әҳмийетли. Өйткени, газета халықтың барлық қатламларына хызмет етеди. Оның бетлеринде жеңил тилде жазылған илим жаңалықларын ҳәр бир саўаты бар адам қызығып оқый алады. Ол өндирис орынларын ҳәм де басқа мәкемелердиң өз ислерин илимий тийкарда шөлкемлестириў жолларын ҳәм илим тийкарларында ерисилген нәтийжелерди жәмийетшиликке хабарлаў менен илимниң турмыс пенен байланысын беккемлеўге үлкен жәрдемин тийгизеди, илим қәнигелерин жәмийетшиликке таныстырады, оларды өзиниң оқыўшылары менен тығыз байланыстырады. Газетаның бул хызмети негизинен, илимниң раўажланыўына, оның кадрларының өсиўи ҳәм көбейиўине мүмкиншилик туўдырады.

Қарақалпақстанның Екинши жер жүзилик урыс жылларындағы илимий-тарийхы урыстан соңғы он жыллықты жәмлейтуғын екинши дәўиринде қайта исленип, халқымыздың душпан үстинен жеңиске ерисиўи ушын болған умтылысларын, зәбердеслигин, қаҳарманлық мийнетлерин, сондай-ақ, усы дәўирдеги машқалаға байланыслы сораўлар, оған жуўаплар изли-изинен газета бетлеринде сәўлеленип барылған ҳәм олар архив материалларында сақланған.

Урыс дәўиринде орыс әдебияты айырықша жаўынгерлик күшке ийе болды. Атақлы рус жазыўшысы А.Толстойдың жалынлы публицистикалық мақалалары, М.Шолоховтың «Олар Ўатан ушын саўаш қылды» атлы очерки, А.Фадеевтиң «Жас гвардия» романы, И.Эренбургтиң өткир публицистикалық мақалалары, К.Симоновтың «Күнлер ҳәм түнлер» романы менен лирикалық қосықлары, А.Сурковтың қосықлары, А.Твардовскийдиң «Василий Теркин», П.Павленконың «Айкулақ» повестлери халықты гүреске жумылдырыўда үлкен көмеги тийген шығармалардан болған.

Сондай-ақ, Екинши жер жүзилик урыс дәўириндеги табысларының ишинде украиналы А.Корнейчуктиң пьесалары менен М.Рыльский, П.Тычина, А.Малышконың қосықлары, белорус М.Янка Купала ҳәм Якуб Коластиң қосықлары, қазақ ақыны Жамбылдың, тәжик шайыры К.Лахутийдиң, өзбек шайырлары Х.Әлимжанның, Ғ.Ғуламның, азербайжан С.Вургунның, грузин И.Абашидзе, Г.Леонидзениң, қырғыз А.Токомбаевтың, абхазлы Д.Гулианың, литвалы Ян Судрабкалнның, латыш С.Неристиң, армен А.Исаакянның, Н. Зарянның, татар М.Жалилдиң, М.Каримниң, чуваш П.Хузангайдың, Э.Капиевтың қосықлары, эстон А.Саксенин, түркмен Б.Кербабаевтын, татар К.Нажимийдиң роман ҳәм повестлери усаған шығармалар үлкен әҳмийетке ийе болғанын биз тарийх бетлеринен окып билемиз.

Қарақалпақ әдебияты да екинши жер жүзилик урыс дәўиринде «бириккен бир шаңарақ сезимин» намыс туўы етип услай билди. Мәселен, И.Эренбургтың «Бәҳәр» деген публицистикалық гүрриңинде аўқамлас мәмлекет жаўынгерлериниң жеңимпаз атланыслары ҳаққында айтады. Сондай-ақ, «Правда» газетасынан алып басылған еки очерк. «Бизиң уллы балаларымыз» деген ат пенен (Нөкисте 1942-жылы) басылған.Буннан тысқары,Толстойдың «Биз нени қорғаймыз» деген публицистикалық мақаласы», (Нөкис, 1942 жыл.), М.Шолоховтың «Душпанды өшпенлилик пенен жек көриў»деген мақаласы (Нөкис, 1942 жыл.) «Қызыл Қарақалпакстан» газетасы бетлеринде «Жаўынгерлик эпизодлары»деген топламда, (Нөкис, 1942 жыл.) ҳәрекеттеги армиядан алынған хабарлар гүрриңлерин ушыратамыз.

Екинши жер жүзилик урыс дәўиринде шайырлардың көпшилиги урыс ўақыяларына тез жуўап бериўге мүмкиншилик беретуғын патриотлық, лирикалық қосықлар, очерклер гүрриңлер, публицистикалық мақалалар, урыс эпизодларын сүўретлейтуғын қосық-

лар ҳәм поэмалар сыяқлы жанрлардан пайдаланды. Орайлық газеталарында кең орын берип отырады.

«Правда» ҳәм «Известия» бетлеринде рус жазыўшыларының романлары ҳәм пьесалары шығып турған. Сондай-ақ, қарақалпақ газеталарының бетлеринде сол жылларда оғада көп қосықларды, публицистикалық очерк шығармаларды ушыратыўға болады.

Екинши жер жүзилик урыс жылларындағы Қарақалпақстан баспасөзине нәзер таслар екенбиз, олардан Қарақалпақстанның қаҳарманлығының жылнамасын оқыймыз.

Фронтқа атланды халық ғалаба,
Елде тартар жигит қалмады.

Уллы Жеңиске ерисиўимизге қарақалпақстанлы шайыр-жазыўшыларымыздаң да салмақлы үлеси бар, олардың да тарийхта орны да гиреўли.

Қарақалпақстан жазыўшылары да екинши жер жүзилик урыс жылларында өз жумысларын фронт мәпине ылайықлап қайта қурып, көркем сөз бенен халықтың патриотлық руўхын көтериўде, туўысқанлықты, халықлар дослығын жеңиске исенимди беккемлеўде, басқыншыларыға өшпенли жек көриўшиликти тәрбиялаўда белсене жәрдем берип отырды. «Қызыл Қарақалпақстан» газетасының 1941-жыл, 4-июль санында «Биз, қарақалпақ жазыўшылары, бир азамат болып гүрес майданындамыз деп есаплаймыз, қәлемимизди душпанды түйреўши найзаға айландырамыз, керек болған жағдайда Ўатанымыз ушын жанымызды да беремиз… Мәденияттың душпаны-фашизм жоқ болады»-деди олар жыйналысында. Олар өзлериниң дәслепки жаўынгерлик руўхтағы шығармалары менен пикир билдириўлеринен баслап ақ бизиң жеңисимизге болған халық кеўилиндеги исенимди қуўатлап, қәҳәрли гүреске шақырды. Олардың көбиси урыстың дәслепки күнлеринен-ақ:

Ант беремен гүресиўге жан менен
Денемде қалғанша бир қасық қаным.

деп, халық пенен бир сапта фронтқа атланды, олар қолларына қурал алып ҳәм гейпаралары әскерий хабаршы болып душпанға қарсы гүрести. Биразы фронттың резерв күшлери қатарында әскерий хызмет атқарды (Т.Сейтмамутов, Қ.Айымбетов, Б.Қайыпназаров, Ә.Турымбетов, Ж.Аймурзаев, А.Бегимов, Қ.Турымбетов, Т.Сейтжанов, Ж.Сейтназаров ҳәм т.б.). Жас жазыўшыларымыздан Ж.Ҳәбибуллаев, Сәдирбай Мәўленов, Шәмшет Қожаниязов, Артық Шамуратовлар урыста қаза тапқан. Олардың шығармалары көбинесе окоп, әскерий госпиталларда, блиндажларда ҳәм походларда, тиккелей өзлериниң жаны ҳәм тәни менен көрипсезгенлери тәсиринде, басынан кеширген ўақыялары негизинде туўылып отырды ямаса еле күли суўымаған ўайраншылықларды сүўретледи. Олар өзлериниң шығармаларында фашист басқыншыларының ҳайўанлық қылўаларын булжымас фактлар менен әшкараланған. Бизиң исимиздиң ҳақ екенлигин, бизиң сөзсиз жеңетуғынымызды айтып, жаўынгерлердиң патриотлық руўхын көтерип, душпанға жек көриўшиликти тәрбиялаўға ат салысты. Ал, тылдағы жазыўшыларымыз да бул улыўма халықлық гүреске ылайықлы үлес қосқан.

Дәслепки қосықларда, газета очерклери менен гүрриңлерде халықтың жалынлы патриотлық сезиминиң ҳәм халық қаҳарманлығының күши айқын көринип, ол шығармалардың баслы идеялық бағыты жаўынгерлик эмоциялық руўхта баратуғынлығын белгили. Жаўдың басқыншылық ҳәрекетине, әдилсиз урыс ашыўына қатты ғәзепленген азаматтың заңлы ғәзеп сезиминиң қайнаўы, оның өз бахытлы Ўатанын қорғаўға қулшынған жигерли тилеги, сана-сезими бийик. Ата-ана өз перзентин, ҳаял-қыздың өз ярын, ини-қарындас өз ағасын, қулласы, халықтың өз сайланды жигитлерин фронтқа атландырыўы-әсиресе, урыстың дәслепки айларында дөретилген шығармалардың ең баслы темасы болған.

Газета бетлеринде урысқа ең дәслеп эмоциональ пикир билдириўлер ҳәзир жуўап, оператив жанр болған қосықларда көринеди. Екинши жер жүзилик урыс басланған күнлери Н.Жапаков «Фашистлер тарт қолыңды», Ж.Аймурзаев «Жаўды жексен етемиз», А.Шамуратов «Жоқ етемиз», А.Турымбетов «Жигит», Ж.Сейтназаров «Бизлер жеңемиз» деген қосықларын жазып, газета бетлеринде жәриялады. Бул қосықлардың атларының өзи де олардың халық қаҳарманлығының, ғәзебинин дәслепки ҳаўазы екенлигин баянлап тур. Ал, олардың тийкарғы мотиви қәҳәрли гүреске жаўынгерлик шақырық болып, сөзсиз жеңиске ерисип, жаўыз душпанның қыянет исин сөзсиз қыйратылыўына инсанлардың көкирегиндеги исенимди, жаўыз душпанға деген күшли ғәзеплениўди көрсеткен.

Урысқа байланыслы халықтың ғәзеплениў сезими, дәслепки қосықларда да усылай айқын көрине баслады. Әсиресе, солдат шайырлардың қосық ҳәм поэмалары урыс шынлығын тиккелей ҳәм конкрет сүўретлеўи менен эмоционаллық тәсиршеңлиги менен ажыралып тур. Олардың арасында Ж.Аймурзаевтың ҳәм А.Турымбетовтың шығармалары усы урыс дәўириндеги айрықша дыққатқа ылайық. Бул шайырлардың сол даўыллы жылларда жазған ең жақсы қосықлары менен киши көлемли поэмалары ҳәзир де кеўиллерди күшли түрде толқыта алады.

Шайырларымыз өз дәўириниң уллы ўақыяларының ең қайнаған ортасында болып, оған белсене қатнасып, өз заманласлары ҳәм ўатанласларының тәғдирине өз өмирин байланыстыра билип, заман шынлығын бар ҳақыйқатлықты талапқа муўапық дәрежеде жырлай алды.

Мәселен, шайыр Ж.Аймурзаевтың екинши жер жүзилик урыстың дәслепки ҳәм орта гезлеринде әскерий хызметте болып, шайырдың ең жақсы жаўынгерлик қосықлары күшли жанланды ҳәм оның көп ғана қосықлары ўатан сүйиў, халықлар дослығы руўхы менен, жаўға өшпенлилик сезимлер менен шынланған. Оның «Ўақыт келди, славян!», «Фронттан хат», «Улым тыңла», «Жеңис пенен күт жанан», «Бабалардың аты менен», «Үстине» усаған қосықларын мысал етип келтире аламыз. Шайырдың урыс ўақтындағы ең жақсы қосықлары терең лиризм менен суўғарылған сүреншил агитация формасында жазылып, олар уллы мақсетине актив хызмет қылған жоқары сыпатлы гүресшең поэзия бола алды.

Аўыр күнлер келди мине, қорға елди қәҳәрленип,
Жерде, суўда, таўда қанлар буркырады, тыңлаңызлар!

Қаҳарманлық гүрес романтикасы, әсиресе, «Улым тыңла!» атлы қосықта солдат жүрегин кернеген күшли сезимлер ҳаўазы.

Улым тыңла! Көктен жаўар қорғасын,
Сел-сел болып қылышлардан ағар қан.

Қосық қатарлары дәўир даўысы болып, қәҳәрли саўашлар ҳәўириниң қызғыны бар жаўынгерлик лирика болып табылады.

Бирақ, урыс дәўириндеги сын, драматургия ҳәм проза, турмыстан жүдә артта қалып қойған. Оның үстине жазылған мақалалардың бир бөлеги тек жазылған шығармалардың атын атап өтиў менен шекленип, қурғақ баянлаўлардан ибарат болған. Сондай-ақ, роман, повестьлер жазыўға исендирерлик болмаған шақырықлар жуўмақластырылмаған, исенимсиз дәлиллер менен толтырылған.

Шайырлардың көпшилиги урыс ўақыяларына тез жуўап бериўге мүмкиншилик беретуғын патриотлық, лирикалық қосықлар, очерклер, гүрриңлер, публицистикалық мақалалар, урыс эпизодларын сүўретлейтуғын қосықлар ҳәм поэмалар сыяқлы жанрлардан пайдаланған. Орайлық газеталардың үлгиси бойынша қарақалпақ баспасөзи қарақалпақ жазыўшы ҳәм шайырларының, жетилисип, қәлиплесеип киятырған журналистлердиң шығармаларына кең орын берип, дыққат аўдарған.

Деген менен екинши жер жүзилик урыс жылларында жәрияланған ҳәм алып барылған ҳәр бир үгит-нәсият ислери Уллы жеңиске жетелегенин анық көриўимизге болады ҳәм бундай қаҳарманлық ислерди үлкен мақтаныш пенен тилге ала аламыз.

**Әдебиятлар**


1. / «Қызыл Қарақалпақстан» 1-июль 1941, 154 (2928)-саны.
2. / «Қызыл Қарақалпақстан» 4-июль 1941,165 (2939)-саны
3. / «Правда» 1941, 26 ҳәм 27-июльдеги саны.
4. / «Қызыл Қарақалпақстан» 18-июль 1941, 169 (2943)-санында Қарақалпақстанның барлық ҳаял қызларының жаўынгерлик үндеўи жәрияланды.



**РЕЗЮМЕ**

Мақолада қорақалпоқ ёзувчиларининг Иккинчи жаҳон уруши давридаги образлари очиб берилган. Уруш йилларида чоп этилган ёзувчиларнинг уруш мавзуидаги ниҳоятдарлари тўпламлари ҳақида ёзилган. “Қизил Қорақалпоғистон” газетаси ҳам аҳоли огоҳлигини оширишда солмоқли ўринни тутгани ҳақида ёзган.

**РЕЗЮМЕ**

В статье раскрываются образы каракалпакских писателей в годы Второй мировой войны. Написано о сборниках произведений писателей на военную тематику, изданных в годы войны. Газета «Кызыл Каракалпакстан» также сообщила, что сыграла значительную роль в повышении осведомленности населения.

**SUMMARY**

The article reveals the images of Karakalpak writers during the Second World War. It is written about the collections of writers' war-motivated works published during the war. The newspaper "Kyzyl Karakalpakstan" also reported that it played a significant role in raising public awareness.


## KÓRKEM TEKSTTE GENDERLEKTLERDIŃ QOLLANILIW ÓZGESHELIKLERI


**Z.Rzamuratova** – *doktorant*

*Ózbekstan Respublikası Ilimler Akademiyası Qaraqalpaqstan bólimi Ilim izertlew institutı*



**Tayanch sózlar:** gender, genderlekt, konnotativ, dennotativ, paradigma, stereotip, frazeologizm, maskulinlik, feministik.

**Ключевые слова:** гендер, гендерлект, коннотатив, деннотатив, парадигма, стереотип, фразеологизм, маскулин, феминист.

**Key words:** gender, genderlect, connotative, dennotative, paradigm, stereotype, phraseology, maskulin, masculinity, feminity.


Házirgi kúndegi dáwir paradigması insandı tillik aspektte tereńirek úyreniwdi talap etedi. Til adamlardıń rawajlanıwına hám jan-jaqlama jetiskenliklerge erisiwine imkan jaratadı. Til – dennotativlik hám konnotativlik sıpatqa iye bolǵan qubılıs [4]. Házirgi jámiyetshiligimizde tildiń jámiyetlik ózgesheliklerin tereńirek úyreniw hám basqa da túrli ózgesheliklerin anıqlaw tiykarǵı máselelerden bolıp qalmaqta. Sol sebepli de tildiń jámiyetlik xızmetiniń rawajlanıwı ásir til biliminiń eń aktual máselelerinen bolıp esaplanadı.

Til bilimi boyınsha sońǵı jılları alıp barılıp atırǵan izertlew jumıslarında gender máselesi ayrıqsha úyrenilmekte. Qaraqalpaq tilindegi genderlik ózgeshelikler de arnawlı túrde úyreniwdi talap etetuǵın máselelerden biri.

Gender atamasınıń ózi jámiyetlik jınıstı biologiyalıq jınıstan ajıratıp kórsetetuǵın termin [1]. Qaraqalpaq ádebiy tili de hár túrli genderlik ózgesheliklerge iye bolǵan sózlik quramı oǵada bay til. Biz bul másele boyınsha úyreniw barısında *gender, genderlekt, genderlik stereotip, maskulinlik* hám *feministlik* sıyaqlı terminlerge dus kelemiz. Bunda genderlik stereotipler sózlik qorımızdıń ele de bayıwına tásir etedi. Bunda hárbir jınıs wákiliniń leksikonında qollanılıwshı olardıń minez-qulqına, júris-turısına, jámiyettegi rolı hám xızmetine baylanıslı ortaq mádeniy túsinikler hayal hám er adamlardıń sózlik qorındaǵı genderlik ózgesheliklerge iye bolǵan qatarlardı dúzedi.

Adamnıń jámiyettegi roli, genderlik ózgeshelikleri onıń jası, maǵlıwmatı, jámiyettegi belsendiligine de baylanıslı. Usı sıyaqlı ózgesheliklerine qarap insanlardıń sózlik qorındaǵı sózler ózgerip otıradı. Genderlik stereotipler erkeklik stereotipler hám hayal adamlarǵa tán bolǵan stereotipler bolıp ajıraladı [4:51].

Erkeklik stereotipler: maǵlıwmatlı bolıw, kásip, abıroy, lawazım, neke, áke bolıw, ata-anaǵa ǵamxorlıq etiw sıyaqlı bolsa, hayallardıń stereotipleri: gózzallıq, sawatlılıq, turmısqa shıǵıw, ana bolıw, shańaraq hám ondaǵı ananıń rolı, úy-xojalıqların júritiw, doslar, kelinlik wazıypa sıyaqlı bolıp keledi. Erler de, hayallar da sóz saplaw barısında usı stereotiplerge baylanıslı sózlerdi qollanadı.

Gender stereotipler jámiyettegi sociallıq, ekonomikalıq, siyasıy ózgesheliklerge baylanıslı ózgeriwi múmkin.

Erler hám hayal adamlardıń sózlerinde bir-birinen parıqlanatuǵın ózgeshelikler jiyi ushırasadı. Bul parıqlar genderlektler arqalı ámelge asırıladı. Yaǵnıy, genderlekt degenimizdiń ózi hárbir jınısqa tán qollanılıwshı frazeologizmler, naqıl-maqallar, hár túrli sózler hám sóz dizbekleri genderlektlerdiń qatarın dúzedi. Qaraqalpaq ádebiy tili bay sózlik qorǵa iye hám olardaǵı genderlektlerdi ayrıqsha úyreniwimiz tiyis. Bunday genderlektler óz gezeginde maskulinlik (er adamlarǵa tán) hám feministlik (hayallarǵa tán) ózgesheliklerdi júzege shıǵaradı. Genderlektlerdiń bir túri bolǵan frazeologizmlerdiń arasında tiykarınan hayal adamlarǵa yáki er adamlarǵa qarata qollanılıwshı turaqlı sóz dizbekleri de ushırasadı. Mısalı ushın, *“ay dese awzı, kún dese kózi bar”*, *“jas bosanıw”*, *“kóz jası kól bolıw”*, *“kúshi eki kózine jetiw”* sıyaqlı frazeologizmler feministlik